

Resiklaj Abdenwèl 2014

Apati vandredi 26 desanm 2014, n'ap ankouraje tout rezidan konte Miami-Dade bay sèvis ranmasaj fatra sou twotwa devan lakay yo pou yo resikle abdenwèl yo. Jis pote yo nan youn nan 13 Sant Fatra ak Resiklaj* Konte a oswa nan Sant Koleksyon Pwodwi Chimik Menaje nan lis sa:

North Dade - 21500 N.W. 47 Ave.

Norwood - 19901 N.W. 7 Ave.

Palm Springs North - 7870 N.W. 178 St.

Golden Glades - 140 N.W. 160 St.

West Little River - 1830 N.W. 79 St.

Snapper Creek - 2200 S.W. 117 Ave.

Sunset Kendall - 8000 S.W. 107 Ave.

Richmond Heights - 14050 Boggs Dr.

West Perrine - 16651 S.W. 107 Ave.

Eureka Drive - 9401 S.W. 184 St.

South Mia. Heights - 20800 S.W. 117 Ct.

Moody Drive - 12970 S.W. 268 St.

(Sant Fatra ak Resiklaj yo; ouvri sèt jou nan semèn lan, de 7 a.m. a 5:30 p.m.)

West Miami-Dade - 8801 N.W. 58 Street

(Soti 24 desanm rive 9 janvye, Sant Koleksyon Pwodwi Chimik Menaje West Miami-Dade la ap ouvri pou resevwa abdenwèl sèt jou sou sèt nan semèn lan a 7 a.m. pou 5:30 p.m. Apre dat sa a, l'ap ouvri nan lè nòmal.)

TOUT PYE BWA KI POTE POU RESIKLE FÈT POU PA GEN OKENN BAGAY KI EDE YO KANPE, NI LIMYÈ, ÒNEMAN, GILANN NWÈL, NI OKENN LÒT DEKORASYON.

Ap gen kopo pye bwa disponib

Kopo pye bwa abdenwèl yo ap disponib nan sis (6) lokal swivan yo apati mi-janvye 2015 premye vini, premye sèvi, toutan genyen disponib.

West Perrine - 16651 S.W. 107 Avenue

Eureka Drive - 9401 S.W. 184 Street

Moody Drive - 12970 S.W. 268 Street

Sunset Kendall - 8000 S.W. 107 Avenue


West Little River - 1830 N.W. 79 Street

North Dade - 21500 N.W. 47 Avenue

Rezidan yo fèt pou pote pwòp sache yo oswa kontenè yo.

Rezidan ki chwazi pa pote abdenwèl yo nan sant fatra ak resiklaj gen de chwa:

1. Koupe pye bwa-a an ti mòso epi mete yo nan kabwèt vèt la pou kamyon fatra pase pran nan nenpòt jou koleksyon fatra regilye yo. Pye bwa a fèt pou rantre konplètman andedan kabwèt vèt la. Kamyon fatra otomatize yo pap ranmase okenn pye bwa ki mete akote kabwèt fatra yo.
2. Pou rezidan ki kapab koupe abdenwèl yo an ti mòso pou mete yo andedan kabwèt vèt la, yo ka plase pye bwa yo sou twotwa devan lakay yo pa pita ke vandredi 9 janvye 2015, epi kamyon fatra ap pase pran yo. Abdenwèl ke moun mete sou twotwa yo apre dat sa a pap ranmase. Yo fèt pou swa resikle yo oswa mete yo nan kabwèt vèt la pou kamyon pase pran jan ki dekri pi wo an.



Depatman Travo Piblik ak Sanitasyon

Pou plis enfòmasyon rele 3-1-1 oubyen vizite sitwèb www.miamidade.gov/publicworks.

**Sant Fatra ak Resiklaj Chapman Field pap aksepte abdenwèl.*